

# Vyolasyon Done yo

*Aprann kisa pou w fè si w fè pati yon vyolasyon done.*

## 1. Kisa Yon Vyolasyon Done Ye?

Yon vyolasyon done se yon vyolasyon sekirite kote yon itilizatè kopye oswa vòlè enfòmasyon sansib, prive oswa pèsonèl yo san otorizasyon.

Aktè mechan yo ka jwenn enfòmasyon pou vann sou mache nwa entènèt la oswa pou yo fè pirataj ak èskwokri. Men kèk bagay ke move aktè yo eseye vòlè pandan yon vyolasyon done:

- Modpas
- Imèl
- Enfòmasyon finansye
- Enfòmasyon pèsonèl tankou nimewo sekirite sosyal ou oswa adrès ou

Vyolasyon done yo vin pi kouran chak jou epi yo ka difisil pou evite. Pa santi w mal si sa rive w! Gen etap ou ka fè pou pwoteje done ou yo epi fè fas ak yon vyolasyon done.

## 2. Pwoteksyon kont vyolasyon done yo

Planifye pou pwoteje enfòmasyon ou yo davans lè w evalye sekirite done pèsonèl ou yo. Pi bon pratik konfidansyalite sou entènèt kapab yon bon fason pou sekirize enfòmasyon ou yo epi evite konpwomèt yo. Sèvi ak espas ki nan de pwochen paj yo pou w sonje jan w santi w parapò ak domèn sa yo epi si gen domèn pou amelyore.

Fòs ak karaktè inik modpas ou yo:

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

Itilizasyon tout zouti ak teknik otantifikasiyon ki gen plizyè faktè ki disponib:

Sèvi ak jesonè modpas (gen vèsyon gratis ki disponib)


Siveyans kont woutin: èske ou fè yon verifikasyon regilye sèvis tankou haveibeenowned.com pou wè si enfòmasyon ou yo te konpwomèt nan yon vyolasyon? Fè yon plan pou fason ou ta ka adrese sa a alavni:

Minimizasyon done: èske ou pataje sèlman sa ki bezwen pataje, sou entènèt ak nan espas fizik tankou magazen? Dekri apwòch ou pou done la a:

# **NYC Digital Safety**

## Privacy & Security

---



### **3. Èske yo Pirate Mwen?**

Verifye sa ki annapre yo pou detèmine si yo te pirate w

- Notifikasyon soti nan kote ki te pirate a
- Istwa nan nouvèl (souvan, yo rapòte pi gwo pirataj yo nan gwo sous nouvèl yo)
- Aktivite kont ki sispek, tankou imèl pou reyinisyalye modpas ke w pa t mande
- Kont la parèt lè w ap chèche kont ou yo nan <https://haveibeenpwned.com/>

### **4. Etap pou w fè si yo te pirate w**

Imedyatman apre:

- Detèmine ki enfòmasyon yo te vòlè
- Chanje modpas ou
- Fèmen kont yo si sa nesesè, patikilyèman kont kat kredi ki konpwomèt
- Notifye zanmi oswa kontak ou yo si imèl ou oswa rezo sosyal yo te pirate

Apre yon tan:

- Siveye anak èskwokri yo
- Aplike netwayaj modpas ki pi fò
- Sèvi ak otantifikasiyon ki gen plizyè faktè
- Pote atansyon sou rapò sou kredi ak aktivite kont ou

Ki lòt bagay ou ta kapab rekòmande?